

**PWOGRAM PWOTEKSYON SALÈ**  
**KOUMAN POU KALKILE KANTITE LAJAN PRÈ MAKSIMÒM POU PRÈ PPP NAN**  
**PREMYE TIRAJ EPI KI PAPYE POU BAY - AN FONKSYON TIP BIZNIS**

Administrasyon Ti Biznis (SBA), nan tèt kole avèk Depatman Trezò a, ap bay tou dènye konsèy sa a pou ede biznis yo kalkile depans pewòl yo (ak papye enpòtan obligatwa yo pou sipòte chak seri kalkil) pou yo ka detèmine kantite lajan maksimòm yon Prè Pwogram Pwoteksyon Chèk Salè (PPP) Premye Tiraj chak tip biznis.

Pretè ak kreditè ka baze yo sou konsèy ki nan dokiman sa kòm entèpretasyon SBA fè sou Lwa CARES la, Lwa sou Èd Lajan ak Règleman Final Enterimè Pwogram Pwoteksyon Salè a. Gouvènman ameriken an pa pral mete opozisyon sou aksyon PPP moun kap prete lajan ki swiv konsèy sa yo<sup>1</sup> epi Règleman Final Enterimè PPP yo ansanm ak tout lòt règleman ki tap aplike nan moman aksyon an.

Konsèy yo esplike depans pewòl avèk ane kalandriye 2019 kòm peryòd referans lan pou depans pewòl yo itilize pou kalkile kantite prè yo. Sepandan, pretè yo gen dwa sèvi ak depans pewòl nan swa ane kalandriye 2019 oswa ane kalandriye 2020 pou kalkil kantite lajan Prè PPP nan Premye Tiraj yo.<sup>2</sup> Papye, ki gen ladan fòm IRS, dwe bay pou peryòd referans chwazi a.

- 1. Kesyon:** Mwen se yon moun kap travay ak tèt mwen e mwen pa gen anplwaye, kijan pou mwen kalkile kantite lajan prè PPP Premye Tiraj maksimòm mwen? (Se pou konnen kantite lajan soulajman prè PPP a ap depann, yon bò, sou montan total ki depanse pandan peryòd ki kouvri an touswit apre premye dekèsman prè PPP a.)

**Repons:** Yo dwe itilize metòd annapre a pou kalkile kantite lajan maksimòm ou ka prete si ou se yon moun kap travay ak tèt ou epi ou pa gen anplwaye, epi rezidans prensipal ou se nan peyi Etazini, san bliye si w se yon antreprenè endepandan oswa ap jere yon entrepriz kòm sèl pwopriyetè (men pa si se ou yon asosye nan yon patenarya):

- **Etap 1:** Jwenn kantite lajan pwofi apre taks Fòm 1040 IRS 2019 Skedil C liy 31 ou a.<sup>3</sup> Si kantite lajan sa depase \$100,000, bese l rive \$100,000. Si kantite lajan sa se zewo oswa pi piti, ou pa kalifye pou yon prè PPP.
- **Etap 2:** Kalkile kantite pwofi nèt mwayèn chak mwa (divize kantite lajan nan Etap 1 an pa 12).
- **Etap 3:** Miltipliye kantite pwofi nèt mwayèn chak mwa nan Etap 2 an pa 2.5.
- **Etap 4:** Ajoute kantite lajan ki poko peye nan nenpòt Prè Dezas Ekonomik (EIDL) ki te fèt ant 31 janvye 2020 ak 3 avril 2020 wap chache refinanse. Pa mete montan okenn avans anba yon prè EIDL COVID-19 (paske ou pa gen pou remèt li).

<sup>1</sup> Dokiman sa a pa gen fòs ak efè lalwa san estati ak règleman li chita sou yo a.

<sup>2</sup> Tout eleman nan depans pewòl yo dwe soti nan menm ane kalandriye a. Depans pewòl, ki gen ladan avantaj soyal ki asire yo, ap konsidere sèlman pou anplwaye ki gen rezidans prensipal yo nan peyi Etazini yo.

<sup>3</sup> Si w ap itilize kantite lajan 2020 epi ou poko ranpli yon deklarasyon 2020, ranpli pòsyon ki nesèsè yo epi kalkile valè yo.

Nan dat 17 janvyè 2021

Fòk ou remèt Fòm IRS 2019 1040 Schedule C ou an pou jistifye kantite lajan prè PPP ou aplike pou li a. Ou dwe bay tou yon Fòm IRS 1099-MISC 2019 kap bay detay sou konpansasyon moun ki pa anplwaye ou te resevwa (bwat 7), Fòm IRS 1099-K fakti, etakont labank, oswa rejis ki montre ou te travay ak tèt ou nan lane 2019 ak yon fakti 2020, eta kont bankè, oswa rejis ki montre ou tap fonksyone nan dat 15 fevriye 2020.

- 2. Kesyon:** Mwen se yon moun kap travay ak tèt mwen e mwen gen anplwaye, kijan pou mwen kalkile kantite lajan prè PPP maksimòm mwen (rive \$10 milyon)? (Se pou konnen kantite lajan soulajman prè PPP a ap depann, yon bò, sou montan total ki depanse pandan peryòd ki kouvri an touswit apre premye dekèsman prè PPP a.)

**Repons:** Yo dwe itilize metòd annapre a pou kalkile kantite lajan maksimòm ou ka prete si w se yon mèt biznis ak anplwaye, tankou si ou se yon antreprenè endepandan oswa ap jere yon biznis ki pou w ou sèlman (men pa si ou se yon asosye nan yon patenarya):

- **Etap 1:** Fè adisyon annapre a pou kalkile depans pewòl 2019 ou:
  - Fòm 1040 IRS 2019 Orè C liy 31 kantite lajan pwofi apre taks:<sup>4</sup>
    - si kantite lajan sa depase \$100,000, bese l rive \$100,000,
    - si kantite lajan sa a mwens pase zewo, mete kantite lajan sa a nan zewo;
  - salè 2019 anvan taks ak tep ou peye anplwaye ou yo ki gen prensipal rezidans yo nan peyi Etazini, jiska \$100,000 pou chak anplwaye, ki ka kalkile lè w sèvi avèk:
    - Fòm IRS 941 2019 Salè Medicare ak tep ki ka takse (liy 5c-kolòn 1) nan chak trimès,
    - Plis tout kontribisyon anplwaye anvan taks pou asirans sante oswa lòt benefis sou kote yo retire nan salè ak tep Medicare ki ka takse, epi
    - Mwens (i) nenpòt ki kantite lajan yo peye nenpòt anplwaye endividyèl ki depase \$100,000, ak (ii) nenpòt ki kantite lajan yo peye nenpòt anplwaye ki gen prensipal kote rezidans li deyò peyi Etazini;
  - Kontribisyon anplwayè 2019 pou asirans sante gwoup, vi, andikap, zye, ak dan pou anplwaye (pòsyon nan IRS Fòm 1040 Orè C liy 14 atribiyab nan kontribisyon sa yo);
  - Kontribisyon travay la pou 2019 pou plan retrèt anplwaye (Fòm IRS 1040 Schedule C liy 19); ansanm ak
  - Taks eta ak lokal travay 2019 lan evalye sou konpansasyon anplwaye, taks chomaj onivo eta tou dabò (soti nan fòm pou rapòte salè chak twa mwa onivo eta).

---

<sup>4</sup> Si w ap itilize depans pewòl 2020 epi ou poko ranpli yon retou 2020, ranpli li epi kalkile valè a.

Nan dat 17 janvyè 2021

- **Etap 2:** Kalkile kantite lajan depans pewòl mwayèn chak mwa (divize kantite lajan nan Etap 1 an pa 12).
- **Etap 3:** Miltipliye kantite depans pewòl mwayèn chak mwa nan Etap 2 an pa 2.5.
- **Etap 4:** Ajoute kantite balans ki poko peye nan nenpòt EIDL ki fèt ant 31 janvyè 2020 ak 3 avril 2020 wap chache refinanse. Pa mete montan okenn avans anba yon prè EIDL COVID-19 (paske ou pa gen pou remèt li).

Fòm IRS 1040 2019 Schedule C, Fòm IRS 941 ak fòm deklarasyon enpo sou asirans chomaj salè chak twa mwa onivo eta pou chak trimès (oswa dosye tretman pewòl ekivalan oswa Salè IRS ak Deklarasyon Enpo), ansanm ak papye kontribisyon pou nenpòt asirans sante oswa retrèt, vi, andikap, zye ak dan, dwe soumèt pou jistifye kantite lajan prè PPP ou aplike pou li a. Ou dwe founi yon etakont pewòl oswa papye menm jan soti nan peryòd salè ki kouvri 15 fevriye 2020 pou yo verfiye ou tap fonksyone epi ou te gen anplwaye nan dat sa.

3. **Kesyon:** Mwen se yon agrikiltè oswa elvè bèt kap travay ak tèt mwen e mwen deklare revni mwen sou Fòm IRS 1040 Schedule F. Ki papye pou mwen bay nan plas Schedule C epi kijan kantite lajan prè maksimòm mwen an ap fikse (jiska \$10 milyon)?

**Repons:** Agrikiltè ak elvè kap travay ak tèt yo (sa vle di, moun ki deklare pwofi agrikòl apre taks yo sou Fòm 1040 IRS Schedule 1 ak Schedule F) ta dwe itilize Fòm 1040 IRS Schedule F nan plas Schedule C.

Kalkil la pou agrikiltè ak elvè kap travay ak tèt yo san anplwaye se menm bagay ak pou moun kap deklare Orè C ki pa gen anplwaye, eksepte liy 9 Schedule F (revni anvan taks) yo ta dwe itilize pou detèmine kantite lajan prè a olye liy 31 Schedule C (pwofi apre taks).

Kalkil la pou kiltivatè ak elvè kap travay ak tèt yo se menm bagay ak moun kap deklare Schedule C ki gen anplwaye ki gen plizyè eksepsyon. Premyèman, nan plas Schedule C liy 31 (pwofi apre taks), yo ta dwe itilize diferans ki genyen ant Schedule F liy 9 (revni anvan taks) ak sòm Schedule F liy 15, 22, ak 23 (pou pewòl anplwaye). Dezyèmman, kontribisyon patwon pou asirans sante gwoup anplwaye, lavi, andikap, zye ak dan (pòsyon nan Schedule F liy 15 atribiyab pou kontribisyon sa yo) ak kontribisyon patwon pou kontribisyon retrèt anplwaye (Schedule F liy 23) yo ta dwe itilize nan plas liy korespondan sa yo sou Schedule C.

Kondisyon pou papye se menm ak pou deklaran Schedule C eksepte Fòm 1040 IRS 2019 Scchedule 1 ak Schedule F dwe tache ak aplikasyon prè a nan plas Fòm IRS 1040 Schedule C. Anplis de sa, pou kiltivatè yo ak elvè ki gen anplwaye yo, Fòm IRS 943 yo ta dwe ajoute anplis, oswa nan plas li, Fòm IRS 941 a, jan sa aplikab.

Nan dat 17 janvyè 2021

- 4. Kesyon:** Kijan asosyasyon aplike pou prè PPP epi kijan yo kalkile kantite lajan prè PPP maksimòm Premye Tiraj la pou asosyasyon (jiska \$10 milyon)? Eske revni asosye kap travay ak tèt yo dwe rantre nan yon aplikasyon prè PPP nivo òganizasyon pwofesyonèl oswa sou aplikasyon prè PPP apa pou chak asosye? (Se pou konnen kantite lajan soulajman prè PPP a ap depann, pou yon pati, sou montan total ki depanse pandan peryòd kouvri an touswit apre dekèsman prè PPP a.)

**Repons:** Metòd annapre a dwe sèvi pou kalkile kantite lajan maksimòm yo ka prete asosyasyon (revni travay asosye kap travay ak tèt yo dwe rantre nan aplikasyon prè PPP patenarya, asosye endividyèl asosye endividyèl pa gen dwa aplike pou prè PPP apa):

- **Etap 1:** Fè adisyon annapre a pou kalkile depans pewòl 2019:
  - Schedule K-1 2019 (Fòm IRS 1065) Salè apre taks ki soti nan travay endepandan chak asosye jeneral ki baze nan US ki dwe peye taks pou travay endepandan, multipliyè pa 0.9235,<sup>5</sup> jiska \$100,000 pou chak asosye:
    - Kalkile salè anvan taks ki soti nan travay endepandan chak patnè jeneral baze nan U.S. ki dwe peye taks travay endepandan nan bwat 14a nan Fòm IRS 1065 Schedule K-1 epi fè soustraksyon (i) bèss depans 179 nan nenptòt seksyon 179 yo reklame nan bwat 12; (ii) nenpòt depans asosyasyon ki pa ranbouse yo reklame; ak (iii) nenpòt rediksyon yo reklame sou petwòl ak gaz;
      - si kantite lajan sa depase \$100,000, bese l rive \$100,000;
      - si kantite lajan sa a mwens pase zewo, mete kantite lajan sa a nan zewo;
  - Salè ak tep anvan taks 2019 yo peye anlwaye ki gen prensipal rezidans yo nan peyi Etazini (si genyen), jiska \$100,000 pou chak anlwaye, ki ka kalkile avèk:
    - Fòm IRS 941 2019 Salè Medicare ak tep ki ka takse (liy 5c-kolòn 1) nan chak trimès,
    - Plis tout kontribisyon anlwaye anvan taks pou asirans sante oswa lòt benefis sou kote yo retire nan salè ak tep Medicare ki ka takse, epi
    - Mwens tout kantite lajan yo peye yon anlwaye endividyèl ki depase \$100,000 ak tout kantite lajan yo peye yon anlwaye ki gen prensipal rezidans li deyò peyi Etazini ;
  - Kontribisyon patwon 2019 pou asirans sante gwoup, vi, andikap, zye ak dan pou anlwaye (men pa asosye), si genyen (pòsyon nan Fòm IRS 1065 liy 19 ki ka atribiye nan kontribisyon sa yo);

---

<sup>5</sup> Tretman sa swiv kalkil enpo pou moun kap travay ak tèt yo nan Fòm IRS 1040 Kalandriye SE Seksyon A liy 4 epi retire pataj “travay” la nan enpo moun kap travay ak tèt yo, sa ki konsistan ak kijan yo detèmine depans pewòl pou anlwaye ki nan patenarya.

<sup>6</sup> Si asosyasyon an ap itilize frè pewòl 2020 epi Fòm 1065 pou 2020 pòko fin ranpli, ranpli fòm lan.

Nan dat 17 janvyè 2021

- Kontribisyon patwon 2019 pou plan retrèt anplwaye (men pa asosye), si genyen (Fòm IRS 1065 liy 18); ansanm ak
  - Taks onivo eta ak lokal travay pou 2019 evalye sou konpansasyon anplwaye, taks sou asirans chomaj onivo eta tou dabò (soti nan fòm deklarasyon salè chak twa mwa onivo eta), si genyen.
- **Etap 2:** Kalkile depans pewòl mwayèn chak mwa (divize kantite lajan nan Etap 1 an pa 12).
  - **Etap 3:** Miltipliye depans pewòl mwayèn lan nan Etap 2 pa 2.5.
  - **Etap 4:** Ajoute tout kantite lajan ki poko peye nan yon EIDL ki te fè ant 31 janvyè 2020 ak 3 avril 2020 wap chache refinanse. Pa mete montan okenn avans anba yon prè EIDL COVID-19 (paske ou pa gen pou remèt li).

Fòm IRS 1065 2019 asosyasyon an (ki gen ladan K-1s) dwe bay pou jistifye kantite lajan prè PPP kantite lajan prè a. Si asosyasyon an genyen anplwaye, lòt papye sipò enpòtan, tankou Fòm IRS 2019 941 an ak fòm deklarasyon enpo sou asirans chomaj salè chak twa mwa onivo eta pou chak trimès (oswa dosye tretman pewòl ekivalan oswa Salè IRS ak Deklarasyon Enpo), ansanm ak dosye nenpòt kontribisyon asirans retrèt oswa sante gwoup, vi, andikap, zye ak dan, dwe soumèt pou jistifye kantite lajan prè PPP ou aplike pou li a. Yon etakont pewòl oswa papye menm jan soti nan peryòd salè ki kouvri 15 fevriye 2020 dwe founi pou yo verfiye ou tap fonksyone epi ou te gen anplwaye nan dat sa. Si patenarya pa gen anplwaye, yon fakti, etakont labank, oswa liv anrejistreman ki montre patenarya tap fonksyone nan dat 15 fevriye 2020 fèt pou bay li.

5. **Kesyon:** Kijan yo kalkile kantite lajan prè PPP maksimòm lan pou kòporasyon S ak kòporasyon C (jiska \$10 milyon)? (Se pou konnen kantite lajan soulajman prè PPP a ap depann, pou yon pati, sou montan total ki depanse pandan peryòd kouvri an touswit apre dekèsman prè PPP a.)

**Repons:** Yo dwe itilize metòd annapre a pou kalkile kantite lajan maksimòm lan yo ka prete kòporasyon, tankou kòporasyon S ak C:

- **Etap 1:** Fè adisyon annapre a pou kalkile depans pewòl 2019:
  - salè 2019 anvan taks ak tep ou peye anplwaye ou yo ki gen prensipal rezidans yo nan peyi Etazini, jiska \$100,000 pou chak anplwaye, ki ka kalkile lè w sèvi avèk:
    - Fòm IRS 941 2019 Salè Medicare ak tep ki ka takse (liy 5c-kolòn 1) nan chak trimès,
    - Plis tout kontribisyon anplwaye anvan taks pou asirans sante oswa lòt benefis sou kote yo pa mete nan salè Medicare Taksab & tep,
    - Mwens (i) tout kantite lajan yo peye a nenpòt anplwaye endividyèl ki depase \$100,000, ak (ii) nenpòt kantite lajan yo peye yon anplwaye ki gen prensipal rezidans li deyò peyi Etazini;

Nan dat 17 janvyè 2021

- Kontribisyon asirans anplwayè 2019 pou sante gwoup, lavi, andikap, vizyon ak dan (pòsyon nan Fòm IRS 1120 liy 24 oswa IRS Fòm 1120-S liy 18 ki atribiye nan kontribisyon sa yo);<sup>7</sup>
  - Kontribisyon retrèt travay 2019 la (Fòm IRS 1120 liy 23 oswa Fòm IRS 1120-S liy 17); ak
  - Taks eta ak lokal travay 2019 lan evalye sou konpansasyon anplwaye, taks chomaj onivo eta tou dabò (soti nan fòm pou rapòte salè chak twa mwa onivo eta).
- **Etap 2:** Kalkile depans pewòl mwayèn chak mwa (divize kantite lajan nan Etap 1 an pa 12).
  - **Etap 3:** Miltipliye depans pewòl mwayen chak mwa nan Etap 2 pa 2.5
  - **Etap 4:** Ajoute kantite balans ki poko peye nan nenpòt EIDL ki fèt ant 31 janvyè 2020 ak 3 avril 2020 wap chache refinanse. Pa mete montan okenn avans anba yon prè EIDL COVID-19 (paske ou pa gen pou remèt li).

Fòm Kòporasyon pou IRS fòm 941 pou 2019 ak fòm deklarasyon enpo sou asirans chomaj salè chak twa mwa o nivo leta pou chak trimès (oswa dosye tretman pewòl ekivalan oswa Salè IRS ak Deklarasyon Enpo ansanm ak deklarasyon enpo biznis ki depoze (Fòm IRS 1120 oswa IRS 1120-S), ansanm ak lòt papye nenpòt kontribisyon asirans sante oswa retrèt, dwe soumèt pou jistifye kantite lajan prè PPP ou aplike pou li a. Ou dwe founi yon etakont pewòl oswa papye menm jan soti nan peryòd salè ki kouvri 15 fevriye 2020 pou yo verfiye ou tap fonksyone epi ou te gen anplwaye nan dat sa.

6. **Kesyon:** Kijan kantite lajan prè PPP maksimòm lan kalkile pou òganizasyon kalifye ki pap fè pwofi (jiska \$10 million)? (Se pou konnen kantite lajan soulajman prè PPP a ap depann, pou yon pati, sou montan total ki depanse pandan peryòd kouvri an touswit apre dekèsman prè PPP a.)

**Repons:** Yo dwe itilize metòd annapre a pou kalkile kantite lajan maksimòm yo ka prete òganizasyon ki pap fè lajan (enstitisyon legliz ki pap fè pwofi e ki kalifye, oswa lòt ki pap fè pwofi e ki kalifye san yon kondisyon pou ranpli Fòm IRS 990, ale nan kesyon apre a):

- **Etap 1:** Fè adisyon annapre a pou kalkile depans pewòl 2019:
  - salè 2019 anvan taks ak tep ou peye anplwaye ou yo ki gen prensipal rezidans yo nan peyi Etazini, jiska \$100,000 pou chak anplwaye, ki ka kalkile lè w sèvi avèk:
    - Fòm IRS 941 2019 Salè Medicare ak tep ki ka takse (liy 5c-kolòn 1) nan chak trimès,

---

<sup>7</sup> Remake byen, kontribisyon patwon pou sante gwoup, lavi, andikap, zye ak dan pou anplwaye S-Kòporasyon ki posede plis pase yon 2 pousan aksyon nan biznis la (oswa anplwaye ki se manm fanmi pwopriyetè sa yo) yo pa rantre nan chif sa paske kontribisyon sa yo deja enkli nan salè anvan taks.

Nan dat 17 janvyè 2021

- Plis tout kontribisyon anplwaye anvan taks pou asirans sante oswa lòt benefis sou kote yo retire nan salè ak tep Medicare ki ka takse, epi
- Mwens (i) tout kantite lajan yo peye yon anplwaye endividyèl ki depase \$100,000, ak (ii) nenpòt kantite lajan yo peye yon anplwaye ki gen prensipal rezidans li deyò peyi Etazini;
  - Kontribisyon asirans anplwayè 2019 pou sante gwoup, lavi, andikap, vizyon ak dan (pòsyon nan Fòm IRS 990 Pati IX liy 9 ki atribiye nan kontribisyon sa yo);
  - Kontribisyon retrèt travay 2019 la (Fòm IRS 990 Pati IX liy 8 ak
  - Taks eta ak lokal travay 2019 lan evalye sou konpansasyon anplwaye, taks chomaj onivo eta tou dabò (soti nan fòm pou rapòte salè chak twa mwa onivo eta).
- **Etap 2:** Kalkile depans pewòl mwayèn chak mwa (divize kantite lajan nan Etap 1 an pa 12).
- **Etap 3:** Miltipliye depans pewòl mwayèn lan nan Etap 2 pa 2.5.
- **Etap 4:** Ajoute kantite balans ki poko peye nan nenpòt EIDL ki fèt ant 31 janvyè 2020 ak 3 avril 2020 wap chache refinanse. Pa mete montan okenn avans anba yon prè EIDL COVID-19 (paske ou pa gen pou remèt li).

Fòm IRS 2019 pou òganizasyon ki pap fe pwofi fòm 941 ak fòm deklarasyon enpo sou asirans chomaj salè chak twa mwa onivo eta pou chak trimès (oswa dosye tretman pewòl ekivalan (oswa Salè IRS ak Deklarasyon Enpo ak Salè), ansanm ak Fòm 990 Part IX IRS oswa lòt papyè ansanm ak lòt papyè nenpòt kontribisyon asirans sante oswa retrèt, vi, andikap, zye ak dan, dwe soumèt pou jistifye kantite lajan prè PPP ou aplike pou li a. Ou dwe founi yon etakont pewòl oswa papyè menm jan soti nan peryòd salè ki kouvri 15 fevriye 2020 pou yo verfiye ou tap fonksyone epi ou te gen anplwaye nan dat sa. Òganizasyon ki pap fè pwofi elijib ki ranpli Fòm IRS 990-EZ a dwe konte sou fòm sa a ak moun ki pa ranpli yon Fòm IRS 990 oswa 990-EZ, nòmalaman moun ki gen resi anvan taks mwens pase \$50,000, ta dwe wè kesyon an apre a.

7. **Kesyon:** Kijan yo kalkile montan lajan prè PPP Preme Tiraj maksimòm lan pou enstitisyon legliz ki pap fè lajan elijib, òganizasyon veteran, ak biznis tribi (jisa \$10 milyon)? (Se pou konnen kantite lajan soulajman prè PPP a ap depann, pou yon pati, sou montan total ki depanse pandan peryòd kouvri an touswit apre dekèsman prè PPP a.)

**Repons:** Yo dwe itilize metòd annapre a pou kalkile kantite lajan maksimòm yo ka prete òganizasyon legliz elijib ki pap fè lajan, òganizasyon veteran ak biznis tribi:

Nan dat 17 janvyè 2021

- **Etap 1:** Fè adisyon annapre a pou kalkile depans pewòl 2019:
  - Salè anvan taks ak tep 2019 yo peye anplwaye ki gen prensipal adrès rezidans yo nan peyi Etazini, jiska \$100,000 pou chak anplwaye, ki ka kalkile lè w sèvi avèk:
    - Fòm IRS 941 2019 Salè Medicare ak tep ki ka takse (liy 5c-kolòn 1) nan chak trimès,
    - Plis tout kontribisyon anplwaye anvan taks pou asirans sante oswa lòt benefis sou kote yo retire nan salè ak tep Medicare ki ka takse, epi
    - Mwens (i) tout kantite lajan yo peye a nenpòt anplwaye endividyèl ki depase \$100,000, ak (ii) nenpòt kantite lajan yo peye yon anplwaye ki gen prensipal rezidans li deyò peyi Etazini;
  - Kontribisyon asirans 2019 anplwayè pou sante, vi, andikap, zye ak dan;
  - Kontribisyon retrèt travay 2019 ak
  - Taks eta ak lokal travay 2019 lan evalye sou konpansasyon anplwaye, taks chomaj onivo eta tou dabò (soti nan fòm pou rapòte salè chak twa mwa onivo eta).
- **Etap 2:** Kalkile depans pewòl mwayèn chak mwa (divize kantite lajan nan Etap 1 an pa 12).
- **Etap 3:** Multipliyè depans pewòl mwayèn lan nan Etap 2 pa 2.5.
- **Etap 4:** Ajoute tout kantite lajan ki poko peye nan yon EIDL ki te fè ant 31 janvyè 2020 ak 3 avril 2020 wap chache refinanse. Pa mete montan okenn avans anba yon prè EIDL COVID-19 (paske ou pa gen pou remèt li).

Fòm antite IRS 2019 epi Fòm IRS 941 ak fòm deklarasyon enpo sou asirans chomaj salè chak twa mwa o nivo leta pou chak trimès (oswa dosye tretman pewòl ekivalan oswa Deklarasyon Salè IRS ak Enpo), ansanm ak papyè nenpòt kontribisyon asirans sante oswa retrèt, andikap, zye ak dan, dwe soumèt pou jistifye kantite lajan prè PPP ou aplike pou li a. Ou dwe founi yon etakont pewòl oswa papyè menm jan soti nan peryòd salè ki kouvri 15 fevriye 2020 pou yo verfiye ou tap fonksyone epi ou te gen anplwaye nan dat sa.

8. **Kesyon:** Mwen se yon pwopriyetè LLC. Kilès nan seri enstriksyon yo ki valab pou mwen?

**Repons:** LLC yo ta dwe swiv enstriksyon ki aplike nan eta deklarasyon taks yo a nan peryòd referans yo itilize pou kalkile depans pewòl (2019 oswa 2020) — sètadi, si LLC la te ranpli (oswa pral ranpli) kòm yon sèl pwopriyetè, yon patenarya, oswa yon sosyete nan peryòd referans lan.



Nan dat 17 janvyè 2021

- 9. Kesyon:** Ki lòt dokiman yon aplikan ka bay pou li jistifye depans pewòl yo itilize pou kalkile kantite lajan Prè PPP Premye Tiraj li aplike pou li a?

**Repons:** Yon aplikan ka founi Fòm IRS W-2s ak Fòm IRS W-3 oswa rapò tretman pewòl, tankou rapò taks chak twa mwa ak chak ane, nan plas Fòm IRS 941. Anplis de sa, ti biznis zwit ki depoze yon fòm IRS 944 pou yon ane oswa anplwayè agrikòl ki depoze yon Fòm IRS 943 pou yon ane ta dwe itilize epi bay Fòm IRS 944 oswa Fòm IRS 943 nan plas Fòm IRS 941.

Yon aplikan ka bay dosye ki soti kay yon administratè retrèt pou dokimante kontribisyon retrèt anplwayè. Yon aplikan ka bay tou dosye ki soti nan yon konpayi asirans sante oswa administratè twazyèm-pati pou yon plan ki asire tèt li pou dokimante kontribisyon asirans sante patwon.

- 10. Kesyon:** Mwen se yon kòporasyon oswa yon sosyete ki pap fè lajan e mwen tap fonksyone nan dat 15 fevriye 2020, men mwen pa tap fonksyone ant 15 fevriye 2019 ak 30 jen, 2019. Ki peryòd referans mwen ta dwe itilize pou kalkile montan Prè Premye Trase PPP mwen an?

**Repons:** Nan ka sa a, ou ka chwazi youn nan de fason yo kalkile kantite lajan Prè PPP Premye Tiraj ou a. Premye opsyon an se pou pretè yo swiv enstriksyon ki aplikab nan Kesyon 5, 6, 7 epi sèvi ak enfòmasyon pewòl pou tout lane 2020 olye 2019. Dezyèm opsyon an se pou pretè yo kalkile kantite lajan prè avèk depans pewòl mwayen chak mwa ki fèt nan mwa janvyè ak fevriye 2020. Pou pretè ki chwazi dezyèm opsyon an, yo ta dwe itilize metodoloji sa a pou kalkile kantite maksimòm ou ka prete:

- **Etap 1:** Kalkile depans pewòl janvyè ak fevriye 2020 lè ou ajoute bagay annapre yo:
  - Salè anvan taks bay anplwaye pou de mwa sa yo ki gen prensipal adrès rezidans yo nan peyi Etazini, jiska \$16,667 pou chak anplwaye;
  - Kontribisyon patwon pou asirans sante gwoup, lavi, andikap, zye ak dan pou de mwa sa yo;
  - Kontribisyon retrèt anplwayè pou de mwa sa yo; ak
  - Taks eta ak lokal patwon yo evalye sou konpansasyon anplwaye pou de mwa sa yo, sitou taks asirans chomaj o nivo leta.
- **Etap 2:** Kalkile depans pewòl mwayèn chak mwa (divize kantite lajan nan Etap 1 an pa 2).
- **Etap 3:** Miltipliye depans pewòl mwayèn lan nan Etap 2 pa 2.5.
- **Etap 4:** Ajoute tout kantite lajan ki poko peye nan yon EIDL ki te fè ant 31 janvyè 2020 ak 3 avril 2020 wap chache refinanse. Pa mete montan okenn avans anba yon prè EIDL COVID-19 (paske ou pa gen pou remèt li).

Nan dat 17 janvyè 2021

Si ou chwazi dezyèm opsyon a, ou dwe bay dosye pewòl janvyè ak fevriye 2020, Fòm IRS 941 ou pou premye trimès 2020 an, ak dokiman nenpòt kontribisyon patwon pou asirans retrèt ak sante gwoup, lavi, andikap, zye ak dan nan peryòd sa a.

**11. Kesyon:** Mwen se yon travayè endepandan (oswa yon patenarya) e mwen tap fonksyone nan dat 15 fevriye 2020, men mwen pa tap fonksyone ant 15 fevriye 2019, ak 30 jen 2019. Mwen te depoze oswa pral depoze yon Fòm 1040 Schedule C oswa Schedule F (oswa Fòm 1065) pou 2020. Ki peryòd referans mwen ta dwe itilize pou kalkile montan Prè Premye Trase PPP mwen an?

**Repons:** Nan ka sa a, ou ka chwazi youn nan de fason yo kalkile kantite lajan Prè PPP Premye Tiraj ou a. Premye opsyon a se pou pretè yo swiv enstriksyon ki aplikab nan Kesyon 1 rive 4 epi sèvi ak enfòmasyon sou pewòl pou tout lane 2020 olye pou 2019. Dezyèm opsyon an se pou pretè yo kalkile kantite lajan prè avèk depans pewòl mwayen chak mwa ki fèt nan mwa janvyè ak fevriye 2020. Pou pretè ki chwazi dezyèm opsyon an, moun ki ap itilize Schedule C ta dwe itilize metodoloji annapre a pou kalkile kantite maksimòm ou ka prete a:

- **Etap 1:** Ranpli yon Fòm IRS 1040 Schedule C pou janvyè ak fevriye 2020. Antre yo nan schedule la yo dwe reflekte tout revni ak depans biznis lan nan de mwa sa yo, ak eksepsyon ki sou Schedule C liy 13:
  - ou dwe gen ladan sèlman 1/6 nan kantite lajan an tout depresyasyon ane an ak seksyon 179 dediksyon depans ki atribiye nan envestisman ki te fèt nan mwa sa yo, ak
  - ou dwe gen ladan 1/6 nan kantite lajan dediksyon depresyasyon 2020 ki atribiye nan envestisman ki te fèt nan ane anvan yo.
- **Etap 2:** Pran kantite lajan pwofi anvan taks la pou janvyè ak fevriye sou Schedule C liy 31.
  - Si kantite lajan sa a se plis pase \$16,667 pou de mwa yo konbine, mete li nan \$16,667.
  - Si kantite lajan sa a se mwens pase 0 pou de mwa yo konbine, mete li a 0.
- **Etap 3:** Si ou gen anplwaye, ajoute depans pewòl anplwaye ou pou janvyè ak fevriye 2020 nan rezilta a nan Etap 2. Sèlman enkli depans pewòl pou anplwaye sa yo ki gen prensipal adrès rezidans yo nan peyi Etazini ak jiska \$16,667 nan salè anvan taks pou chak anplwaye.
- **Etap 4:** Divize total la pa 2, epi apre, multipliyè li pa 2.5.
- **Etap 5:** Ajoute tout kantite lajan EIDL ki poko peye e ki fèt ant 31 janvyè 2020 ak 3 avril 2020 w ap chèche refinanse, mwens tout avans ki fèt sou yon prè EIDL COVID-19 (paske li pa gen pou remèt).

Nan dat 17 janvye 2021

Fòm IRS 1040 Schedule C ou ranpli a dwe remèt bay kreditè ou lè ou aplike pou yon prè PPP. Enfòmasyon sa yo ta dwe konsistan avèk sa ou pral soumèt bay IRS la epi yo dwe vre ak egzat nan tout pyès ki enpòtan yo. Ou dwe bay eta kont anbank ki soti nan kont biznis ou pou mwa janvye ak fevriye 2020 pou pwouve kantite pwofi apre taks ou nan Schedule C. Si ou gen anplwaye, ou dwe bay tou dosye pewòl de mwa sa yo, Fòm IRS 941 ou pou premye trimès 2020 an, ak dokiman sou tout kontribisyon asirans patwon pou retrèt ak sante gwoup, lavi, andikap, zye ak dan sou non anplwaye yo.

Aplikan Schedule F yo ta dwe itilize menm metodoloji pi wo a, men ranpli yon Schedule F nan Etap 1 epi ranplase pwofi apre taks nan Etap 2 ak kantite lajan revni anvan taks sou Schedule F liy 9 (si pa gen anplwaye) oswa diferans ki genyen ant kantite lajan pwofi anvan taks sou Schedule F liy 9 ak depans pewòl anplwaye ki soti nan sòm total Schedule F liy 15, 22 ak 23 (si ou gen anplwaye). Kondisyon dokimantasyon yo se menm bagay ak pi wo a eksepte Schedule F jan yo ranpli l la dwe bay nan plas Schedule C.

Patenarya yo ta dwe itilize menm metodoloji ak pi wo a men ranpli yon Fòm 1065 nan Etap 1 epi ranplase pwofi apre taks nan Etap 2 ak salè apre taks ki soti nan endepandan pou chak patnè jeneral endividyèl kii baze nan peyi Etazini (diferans ki genyen ant bwat 14a nan Fòm IRS 1065 K -1 ak sòm total (i) tout dediksyon depans seksyon 179 dediksyon depans yo reklame nan bwat 12; (ii) tout depans patenarya ki pa ranbouse yo reklame; ak (iii) tout rediksyon yo reklame sou petwòl ak gaz) miltipliye 0.9235. Kondisyon dokimantasyon yo se menm bagay ak pi wo a eksepte Fòm 1065 jan yo ranpli l la dwe bay nan plas Schedule C.

**12. Kesyon:** Anplis kontribisyon anplwaye anvan taks pou asirans sante, ki lòt kontribisyon anplwaye anvan taks pou benefis sou kote ki te ka eskli nan Fòm IRS 941 Salè Medicare taksab & konsèy ki fè pati salè anvan taks anplwaye a?

**Repons:** Kontribisyon anplwaye ak dediksyon nan salè pou aranjman depans fleksib (FSA) oswa lòt benefis ki pa taksab nan yon plan kafeterya seksyon 125, avantaj transpò oswa paking kalifye (jiska \$270 yon mwa), ak asirans vi gwoup (pou jiska \$50,000 pwoteksyon) te ka eskli nan Fòm IRS 941 Salè Medicare taksab ak tep. Sepandan, kontribisyon anplwaye anvan-taks nan plan retrèt rantre nan salè Medicare taksab & tep epi pa ta dwe ajoute nan chif sa a pou rive nan salè anvan tak.

**13. Kesyon:** Ki jan yon pretè ta dwe peye taks federal pou detèmine depans pewòl li yo pou rezon prè maksimòm lan, itilizasyon admisib nan yon prè PPP, ak kantite lajan yon prè ki ka padonnen?

**Repons:** Depans pewòl yo kalkile sou yon baz brit san yo pa konsidere taks federal enpoze oswa kenbe, tankou patisipasyon anplwaye ak patwon an nan Lwa sou Kontribisyon Asirans Federal (FICA) ak taks sou revni yo oblije pran sou anplwaye. Kòm yon rezilta, yo pa retire taks yo enpoze sou anplwaye nan depans pewòl e anplwayè a oblije kenbe. Sepandan, depans pewòl yo pa enkli patisipasyon patwon an nan taks pewòl la. Pa egzanp, revni yon anplwaye ki te touche \$4,000 chak mwa nan salè anvan taks, epi yo te retire ladann \$500 taks federal, konte kòm \$4,000 nan depans pewòl yo. Sepandan, pewòl taks federal kote anplwaye a te enpoze sou \$4,000 salè eskli nan kou pewòl yo anba regleman an.<sup>8</sup>

**14. Kesyon:** Èske gen yon limit sou kantite lajan Prè PPP Premye Tiraj yon gwoup antrepriz ka resevwa?

**Repons:** Wi, biznis ki fè pati menm gwoup antrepriz la pa ka resevwa Prè PPP Premye Tiraj nan yon kantite total ki plis pase \$20 milyon. Pou rezon limit sa a, biznis yo fè pati yon sèl gwoup antrepriz si yon paran komen posede majorite a, dirèkteman oswa endirèkteman.

---

<sup>8</sup> Definisyon pou “depans pewòl” nan Lwa CARES la, 15 U.S.C. 636(a)36(A)(viii), pa konsidere “taks ki enpoze oswa retire dapre chapit 21, 22, oswa 24 nan Kòd Revni Entèn 1986 la pandan peryòd kouvèti a”. Jan sa dekri pi wo a, SBA entèprete ke lwa eskliyon sa vle di ke depans pewòl yo kalkile sou salè brit la, san retire taks federal ki enpoze sou anplwaye a oswa lajan ki soti sou anplwaye a. Kontrèman ak taks pewòl anplwayè a, kailte taks sa yo sou anplwaye a dabitid soti sou fòm yon rediksyon nan montan reyèl anplwaye a resevwa a; eskliyon yo apati definisyon kou pewòl yo vle di kou pewòl la pa ta dwe redui sou baz taks ki enpoze sou anplwaye a oswa montan ki retire sou anplwaye a. Entèpretasyon sa pa depaman avèk tèks estati a epi sipòte objektif lwa pou asire travayè yo kontinye resevwa salè ak epi kenbe travay yo. Pi lwen, akòz peryòd referans pou detèmine montan maksimòm prè a pral byen lontan vini nèt anvan peryòd kote moun ki bezwen prete yo pral tonbe anba restriksyon yo sou itilizasyon otorize pou prè yo, nan sousi pou detèmine itilizasyon otorize prè yo ak montan nan prè yo ki pa p remèt, eskliyon legal sa pral aplike nan sa ki konsène taks ki enpoze oswa kenbe nenpòt lè, pa sèlman pandan peryòd sa a.